

Pembantoe sareng agen:
 Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandung.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititik di Duitjeun Sakabeh Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
 Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjamis.
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

Redakteur:
 SOETISNA SENDAJA
 ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
 SOERADIRADJA.

KARANGAN adreana ka REDACTIE Heerenstraat 31.
 POSTWISSEL sareng seraf nos sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjamoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
 LANGGANAN. 3 miah. 1.50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
 1/10 katja f 2,50
 1/20 " f 1,50
 Sakali mocat
 Langganan langkoeng mirah.

Perobahan djagat oerang.

Robahna kasjaan di oerang raj poe raj poe teh, lain deui lain deui bae. Geus poegoeh deui kasjaan nagara, karamaan karamaan, djeung kapintaran kamadjoean, dalah sipat - sipat djeung tawat djelema, ti menakna tepi ka koeringna, pohara pisan gantjangan pindah-pindahna, ajeuna mah geus lain-lainna deui djeung baheula.

Geura mangga oepami oerang njo-reang ka toekang, kana alam kakoe-naan, njawang sipat tawatna meak baheula, meuh windoe ka doa poeloe, pek dibandingkeun djeung ajeuna, bet-horeng geus lain - lainna deui.

Katelengesan alam Soenan Mangkoerat Mas, manawi seueur anoe parantos oeninga. Geuning malika andjeunna keur djadi Pangoran keneh, koengsi mikahjong ka garwana hidji papatih. Lantaran henteu kalajana kahalangan koe ki patih tea, nja teu bisa laksana. Tapi Mangkoerat Mas nenteuli, njoengkelit teu daek leungit, gemes djeung idjid ka patih, ngageremet hajang males. Barang geus djadi Soenan, kakara laloesna ngoem-bar katelengesanana, tega kana pati batoer, ki patih ditompes.

Eta sipat kadjoedean sareng katelengesan kitoe, lila natratna ka handap, ngau gede leutikna kari koemaha kakawasaanana.

Lantaran anoe djadi panggoengna baheula, geus meroetjahan kitoe, nja rea bangsa menek - menakna anoe katapanan koe kadjoeligan, malah sipat gangas djali kaniaja bangsa bieu teh, aja oge noe pindah ka menak Soenda deui, manawi bae kahembos koe Mataram tea.

Menak dina alam moerba estoening sakarep ingsoen, da hoekoem aja dina bahamna. Nja teu madjar koemaha, da harita mah alamna.

Tapi oepama koe oerang dipikir, eta djadina kitoe teh anoe djadi babake, taja liap ngan panggawe djelema rea; ari disebetna mah rek perbawa mangsa, rek pamenta djaman, rek maenat alam, mangga bae, ngan anoe gampang karampana koe oerang, mending disebet pangaroeh hiroep koemboh.

Baheula menak di oerang, rea anoe djadi toekang djepit, toekang kaniaja, telenges djeung bengis, saenjana mah eta teh dihadja didjarien koe djelema. Ngan dina sanggeusna djadi, sok digareuwahkeun dipikatjeutjeub. Geuning kasjaan di oerang koe toean Multatuli dibokoekoeun djadi pirang pirang djilid.

Manawi aja oge anoe panasaran marika ka koering: "Dihadja didjieu koe oerang, koemaha? moal enja ngadangkal ngipoek noe pidjoeligen?"

koemaha koemaha ngé, geus teu sak deui bakal djadi djelema kawasa. Ari anoe kawasa baheula tea span saenggangna.

Lantaran eta maroerangkalih ti anggalna keneh geus kana boepati ditoengna, djadi koe djelema loba, toeloj dioegoeng - oegoeng didjoeng-djoeng diloeuogkeun, dihormat dipikasienn, didjamoe disoegoeh - soegoeh, ditoroet dipoeodjoehkeun; malah dipikagila dipikaserab, dioembar sapangarsana, ditambah koe pangolo djeung pamoeodji dileuwihkeun ti papada djelema rea. Tata kahormatan djelema rea ti somah nepi ka menakna, eta mah ka poetra maeng, geus kawas ka boepati djeneng bae, dipingsalkeun dina sagala roepana.

Atoeh dina hiroepna diatir diabring-abringna koe pangirung geus teu aja bangsa, toer siang wengi dipoeoek koe kalangenana, kome ari dina geus menter begor atawa geus resep boeodjeng sagala roepa mah. Engke dimana njepeng padamelan, uadian pangkat handap tapi kahormatan mah geus diloehoer.

Tah, lantaran eskitoe dileuwihkeunana ti papada djelema, pohara dia-goeng - agoengna disembah didama dama ti boeodak, atoe nja taugtoe djol toemoewoeh hidji sipat djelema loear biasa, bidjil rasa lala djalma samanea sawareh mah. Ahirna: tjekikan idjid ka noe grading, sirik pidik ka noe moekti, karinah ka anoe kaja, kaniaja ka papada djelema songong djeung bolostong deui; karespeuna diolo dipoeodji poedji, dihormat disembah sambah, disoegoeh dipoeodjoehkeun. Toengtoengna rea anoe adigoeng koemgoengna.

Ieu tawat goreng teh, lain kagorenganana eta poetra boepati atawa poetra menak tea, tapi djelema rea anoe salah tea mah saenjana.

Geura bae mangga oepama aja sapi keur ditoengtoen, sapi lindenik bae montong banteng, ger soerakan haben keprokan gobah bari gagalak, moal boe eta sapi teh ngamoek djadi sapi edan. Tah mangga manah, saba anoe teungteuingean, saba anoe salah, naha sapi tea, atawa anoe njoerakan ngagagalak?

Maugga dibandingkeun deui sjeuna sareng adat tabeat kagalakanana anom-anom Bandoeng dina doa-poeleoh taoen kapoengkoer. Kapan harita mah anom-anom teh sapisitoe sakama - kamana sakitoe garalakan, malah prijadi oge giris, teu aja anoe teu moeringis koe anom mah. Koemaha ari sjeuna? Koe saba eta anom-anom teh disebaranana? Teu aja lian ngan koe kasjaan oerang rea. Tah ieu mah beh dieu, ari itoe mah poetra maeng tea, beh ditoe pisan, baheula!

Para poetra boepati baheula, teu koerang anoe djadi galak, toekang tjabok, toekang toemboek djeung reboet, da baheula mah nja eta atoeb ngarauna oge baheula!

Ana djeg ajeuna poetra maeng anoe tadi teh djadi dalem, sipat tadi keur moerangkalih teh, tara kakoe-mbah kabeh koe kadaleman, malah aja anoe nambahan djadi ngagedean, atoeb kantenan bae makmak mekmek sagala sakama-kama, ditambah boga rasa ieu, aing pangpangna, pangpinternan panggagahna pangkawasana.

Koemaha ajeuna karasana koe anoe ti bankap? Nja teu koemaha ngan bati tjalangap bae, da bonganna sapi lindenik oge digagalak.

Tah ari geus djadi ngamoek mah, hajuh bae pating koeloeoos, koetoe kengendengna teh toekangeun deui, da wawanen adoe hareupan mah teu aja sawareh mah.

Kitoe baheula mah, anoe geus kaliwat koe oerang kasjaanana, anoe ari ajeuna mah kari tjaritana, kari bedjana.

Koemaha ari ajeuna, djeung ka beh dieunakeun? Atoeh lain-lainna deui djeung baheula. Kira margina: Djelema djaman ajeuna geus bisa njaritak pidalemeun, teu koedoe-koedoe ti pangbakaran kaboepter djoina.

Bener ari aja keuh tea mah ring-koekna artikel dina Pleglemen Pamarintah, ngalouwihkeun hak poetra boepati, tapi keuh bae heulaanan sakalleun toelisan mah, entong djadi pikir teuing - oerang tipip dina boektina bae, da dimana geus kapanasan ije mangsi mah boga moentah koe maneh.

Geuning di oerang ajeuna, lamoen dibilang ti Serang, mapi ka Pandeglang, ngalih ka Batawi, ngeer ka Mester, loenta ka Boerwakarta, asa aja paneger hate, mangsi artikel geus boereng, reh pintjak ti kahajang djelema loba. Toer, tjek anoe ngarasa-keun mah asa leuwih ngannah leuwih merenah deui, bet teu aja pisan ka-koeranganana dina sagala roepana oge geuning boektina mah, moeloes loeoj djeung halon bae dikaoelananan teh. Poegoeh ari aja tea mah wedalan gedong anoe montjring matak betah, koe koering oge henteu dihoeroen soeloekeun.

Tapi lamoen koe oerang dipikir, pikeun ajeuna mah, radjan poetra boepati oge, moal aja bedana ti sipat tabeat djelema biasa prah satali tiga oewang bae djeung anoe lian, tangtoe eta kadjoeligan katelengesan anoe baheula teh moal kapanggih deui, djaoeh ti moerangkalih kiwari, da ieu oerang rea, hiroep koemboh windoe ka doa poeloe geus teu njeunjan teu njitakan anoe garoreng kitoe. Toer para poetra menak ajeuna mah geus palinter didjaring ti keur moerang-kalihna keneh. Djadi ajeuna mah oelah salempang oerang teh, tangtoe slawasna bakal meunang kapala djeung boepati anoe araloes anoe maloeher radjan djol ti mana ti mana oge. Nepi ka moegoeh oerang mah ajeuna, perloe boga pangoehon pondok bae ka Pamarentah teh, jen anoe djadi boepati njoehoekoeun anoe aloes, ari poetra saba poetra sahana mah koema dinja, sok moen aloes bae, da rata ti keurna sarakola keneh, pada geus didjaring koe atikan pamenta djaman.

Djadi tjindekna anoe kawasa ngarobah djagat teh, montong bese neangan, bro bae teubleuhkeun ka hiroep koemboh, aja ieu oerang rea anoe ngokolakeun kasjaan sipat tabeat djelema tea oge, da koemaha tjek eta, montong neangan djoerig teu kadeulen.

Eta margina noe mawi mangga ieu hiroep koemboh Soenda, oerang pada ngoeroakeun, oerang pada ngadjarang, oerang pada sagra roepa, koe oerang sarorea montong mertjajakeun batoer, mangkaning kasjaan hiroep koemboh oerang rea keneh naker kakoe-ranganana pikeun hiroep saalentan djeung deungsun anoe bareng djeung oerang.

Ana djol ajeuna implik implikna, geuning tjek dina soerat kabar Walanda, dalem Berebes dikelak padjar pedah sok ngagawekoeun djelema desa teu diberoehan, njeunjan imah hajang sagala perdo, ka prijadi goreng biwir hamboer tjarek, malah patihna geus ngarasa ditampiling, aja deul bedjana make ngingoe bagong djoelaleun sagala, ... tah medreun anoe kitoe anoe hiroepna kaboler teh, moen enja saba-dja. Mistina koedoe kaloeat baheula,

ari ieu kapandenrian, kakara bidjil kiwari, geus bae djadi parob soerat boets, djadi tjaritana anoe datawa.

Tjatjak moen hiroep baheula, moal aja anoe ngoetjah-ngatjah, da teu aneh, ieu, jira djepit!

Koetan ajeuna aja keneh anoe kitoe, kakaren tahaheulaan? Koetan!?

Thioe.

Padjeg opcenten.

Kakara manggih kaatoh kitoe. Ari saari mah, lamoen nampa balangko kasab teh, bet soemawonna hajang seuri, anggoer tjipanon njalangkroeng, bingsoeng, ti mana djeung maon noe dibajarkeunana, maloe matoeh da kabiroepan, ngan sasen doa sen. Aja keur padjeg, mana keur aseupan meueus leuheung moen padjega koeroe mah, ari ieu mah koemaha atoeb da lutoeh pisan.

Demi kamari barang breh teh make nejh rada seuri meusan, kitoe bae koe boeboek leutik, pedah asal opcent 30% djadi 24%, meureun 6% ngoeranganana teh. Tah, eta koe sakitoe, bet geus rada atoh. Komo moen leuwih gede mah ngoeranganana, tarimana ka pamarentah teh tangtoe geus moal aja di kienna bae.

Tjingung atoeb djrg. pamarentah, enggal kirangan deui parantos teu kiat abdi ten koe abotna. Moegi aja sih pivoelas bae!

Bareto koering geus noelis artikel soesoeganan, pikeun ngagantian eta opcenten koe djalan ngoerangan noe perlak ka Europa djeung salianana. Ari ajeuna koe matja dina salasahidji koran anoe njoehoekoeun, jen sakabeh oerang Walanda noe aja di karadjaan sedjen koedoe majar oge padjeg ka nagri, bet djol aja pikiran, tada teuing aloesna lamoen eta stoeran teh diterapkeun ka roemah tanggana tanah Hindia.

Kapan tahroeting tanah oerang teh misah djeung bahroeting tanah Walanda, sagalana koedoe pada - pada, meureun logisch temen lamoen anoe boga pangasilan ti tanah oerang sanadjan aja di mana bae, sabagian tina padjega, kadjeun teuing henteu maro oge, koe 10% geus tevredeh, koedoe dieterkeun ka kas tanah Hindia! Seug oepama diatoer kitoe, tjara di nagri, meureun beuki tereh bae ngalengitkeunana opcenten anoe 24% deui teh.

Meureun sarerea oge pada aroening, jen dina soerat pamariksaan pangasilan (keur nestepkeun atawa nganslag kasab) aja kolom - kolom pananjaan anoe koedoe dijawab. Di palebah dinja aja pananja naha boga pangasilan ti tanah pivoeran atawa henteu. Lamoen boga di mana djeung sabaraga reana.

Bangsa kaum Europa djeung Amerika djeung sabangsana kome Kolonisator mah tangtoe loba anoe moengtoet pangasilan ti oerang teh, sarta daredeg deuih. Tah ieu tina padjeg ieu, kahajang koering sing aja arang-irangna, sok teurkeun ka kas Hindia 10% mah. Kapan sabaraha helok, lobana audil dipiden (hasil oentoeng) tina roepa-roepa onderneming boh karet, boh euteh, boh minjak boh sagala roepa barang tambang. Poegoeh ari di dienna geus majar tea mah vennootschap telasting atawa sabangsana, tapi ari tina pangasilan saorang oerang mah kapan tatjan.

Tjanah eta soesah lantaran misah karadjaan. Hia, teu koedoe djadi pikir ari bab ieu mah, naha noe

Ti pipir hawoe.

"Kun bae da basa mah teu meuli" tjek si Hina.

Saenjana wadoel. Bobong madjar basa teu meuli. Dipikir pandjang mah malah katitih mahal pisan. Sabab kieu genra. Sing saha noe make basa 'noe n. aliwat wates, hartina noe lain-lain, eta saroea bae djeung ngengkeun noe loear biasa ka noe dijadi njarita, ngahinakeun ka noe njarita.

Poegoeh, koedoe reudah, handap asor, hade basa, hade tata, niabo tindak tandoek, tapi ari ngahinakeun maneh mah oelah, tjara oerang oelah adigoeng, kamagoengan, leugoes, ieu alug.

Koering boga kawawoehan, krom moela, pertjeka bisa njarita, aloes keureut, hade sieup, tjindekna pertjajaena, ... sigana. Da boektina noe lain-lain. Tembong kahinaanana.

Djol menak Walanda soemping. Mantriiii ... Kawelan, dawoeh ... Noe keur goesti-goestian kadangoeng koe Bendara Siner. Heug ditempo, saba manoesana koe keur loetak-loetak ...

Aeh, seb, nanaonan eta teh kang ... Boga dosa naon? ...

Djrg. Mantri ... beureum, sabab ... beda djeung omo-unganana saari-ari.

Tah koemaha dianggapna ajeuna djrg. Mautri koe Sinerna? Meureun tjanah. Iih-iih noerestoendjeung, teu tjana djelema teu boga Karakter. Tjiiii ... Tah, lain toeroen harkat! Lain koe babatoeranana djadi gogodjakau? Lain mahal ari kitoe eta basa teh!

Hm ... Gelsenje.

(*) gawena atoeb aja Velkenbond teh. Lain keur ngoeroeskoeun bangsa masalah anoe patjorok djeung pada tator?

Kadjabana ti ieu aja deui barang moendel teh geusan ngagantian ngalengitkeun Opcenten teh, lamoer karasenaun mah ngadjalankeunana. Sok soemawonna kolot anoe boga pikiran, tjatjakan anoe balloe teu aja katimo atawa boedak satepak oge tangtoe pada njaho jen di oerang teh lain oerang pribomei woengkoel noe djadi pagawe Goepernemen teh, patjorok djeung bangsa asing, barga Walanda boektina. Lam ngan oekoer patjorok bae, tapi jdeude personen mah bangsa Walanda tea, malah ari oerang mah, si pribomei, ngan tiap djadi tangan-tangan bae lolobana mah. Lamoen ngau tiba djadi tangan tangan atoeb boeroehanana oge moal sakoemaha perjogana, geuning koe noe sompral mah disebetna oge "honger sloon", ari anoe poegoeh maroetjekil tea mah nja noe ti ditoe bae.

Sabotna arandjeunanana bararang damel di dieu poegoeh bae majar padjeg pinadjeuna teh di oerang, keur oerang, tapi dimana maroelih pansioen koemaha eta? Naha masih keneh ka oerang majar padjega teh atawa eta mah gemblieng keur kas nagri bae?

Geura mangga bae maranahan, sabaraha heran seueurna dina enggal-onggal taoen anoe arangkat djarah ka nagri anoe kenging verloftakement, tangtoe mangewon-ewon. Lamoen tina padjeg kasab ieu heug ... sok 10% keur Hindia, tegep

Ti padoekoehan

„Joe, ah, oerang ngadeuheusan ka djoeragan „Loerah“ Geus lila teu ngadeuheus-deuheus.
„Ah, parah ki Silah.
Eum, naa make usrah, kapan eta teh bapa desa, Goreng, temen atak teu koemoereb ka bapana.
„Ah, naaraah
„Lain, na koe naon
„Da parantos
„Iraha?
„Kapoengkoer
Atoeh ajeuna deui bae. Kapan koe ngobrol oerang sok bisa njaritakeun kahayang oerang. Kahayang babatoeran . . . bisa aja kontak?
„Aaah, tara genah.
„Na koemaha?
„Enja geura, ari oerang asing, noe sahandapeun oerang pengabisana, pangartina, sagala roepana To mahi dihormat-hormat. Ari oerang mah ambeu.
„His, oelah poho, kapan oerang mah oerang, oerang pribomei, tangtue beda deui tata-tatana.
„Pogoeah ari koe kitoe tea mah, da oerang oge teu hajang satata. Ngau abong deui ari koedoe idek liher dina tempat noe kotor mah. Djaba ti marerang teh djeung pakean kaloter, mangkaping kapan ari ngadeuheus teh sok make noe harade.
Njao atoeah ari kitoe mah!

Kontak.

temen.
Bieu kakara njebetan anoe arangkat verlof bae, teu atjan kaengel ari anoe parangsioen mah. Mangkaping saha noe pangsioen teh djeung koemaha pangsioenna.

Amboeing lain moekaha, estoe moendel. Geura entong di moekeun ari pangsioen leutik mah, da moal loba ongkoh, katoeroeg-toeroeg ari anoe laip mah pangsioenna tjara bangsa sarsan-sarsan koprak. Koprak, sok taretep tometep di dieu bae miloe dabar sangoe di tanah oerang.

Togoesing matak lieur lamoen inget ka dinja mah. Pangsioen Besar oge aja sabaraha. Pangsioen elid-elid Rad pan Indi, Daliktoer-Daliktoer, Residen Residen komo Assisten djeung Kontrolir mah, Insinjoer-Insinjoer, Meester Meester, Inspektuer-Inspektuer, pangsioenan goeroe-goeroe ngaloutak teu aja biugbilanganana djeung salian ti eta. Mangkaping pangsioenna leuwih tereh 10 taoen, da maksimoom disana ngan 20 taoen tea. Djaba ti eta joeswa di hawa dingin mah langkoeng panjang deui; djadi katoeroeg katoeroeh.

Tjaba eta pangsioenan noe sakitoe teh estoe palceka wroengkoel, moal aja noe kagoengan f 200 ka handap ingdalem saboeaan, tangtue ka loehoer bae, geus pogoeah ari noe hasilna di dieu ngarewoe mah, geus teu koedoe kapitjatoer deui, tjara ti Resden-Resden ka loehoerna. Wah geus moal kaltoeng.

Eta pangsioenan teh koe panjijpta koering tangtue dibajar koe oerang Hindia, sabab ngadoeal tanagana teh keur waktone didaramel ka tanah oerang. Lamoen koering bisa ngitoe:ig, atawa tjek noe aroening kana eta kaloearan, sabaraha malioen dooit ti Hindia anoe dipake majar eta. Eta sakabeh majarua padjeg kasab tangtue moal di Hindia, da aja di usgri tea tangtue di nagri bae. Pogoeah bae kitoe koedoeana, moal aja noe ngahumkeun, ngan meureun tjek noe ngabogaan eta dooit, tjing koering adil saeutik, tina eta padjeg teh koering adangan 10% bae, keur panjomb kaperoean di Hindia djeung keur nganteungan oerang Hindia meneusan. Tapi oelabhh ari ditambah opcent tjara di oerang mah keur Hindia teh hawatos, da saroea bae djeung oerang senngahna majar padjeg mah, sanadjan seueur hasilna oge.

Oca Nany

Basa pribomei.

Dina sagala roepa oge dijigana geus djadi koelit daging, koedoe bae babarengan oerang djeung geulog teh, teu daskeun papisah, estoe lajeut saeleutan, tjara anoe kadjadian ajeuna ajeuna.
Ari sakoeringeun mah teu rek ne-

tapkeun atawa nangloekun jen kitoe kitoe, ngan sapedah kakeureut koe sieup kasipat bener bae, pantes oepama njiem concluse kitoe. Geuning dina toeding tinoesing oge sok aja babasan „katindih koe kari-kari kanggang koe darigama“.

Geura, woeri-woeri aja boelan degong November djeung Januaria noe kamari ieu, anoe disababkeun kana koerang kontak antara kapala djeung gomahan, bet koeroenjoeng ajeuna aja sirkoele ti Kdj. Besar ka oenggal-oenggal kapala karesenan, anoe marentahkeun jen sakabeh antenar-antenar Europa babakeuna B.B. koedoe njaho, ngarti bener kana basa pribomei disatempatna - satempatna. Anoe aja di Pasoeand koedoe njaho basa Soenda, anoe di tanah Djawa basa Djawa, di Atjeh basa Atjeh djat.

Ari sababna noe matak kitoe noeroetkeun panjeta koering mah, nja eta beloeakarna tina kontak tea. Kapala Europa moal bisa kontak reudjeung somahan, lamoen teu aroeningaen kana basana sarta bener oeningana. Ari kaeningana ngan oekoer tjara koering kana basa Walanda, tiap sasah eun djeung saikeun, beh ditoeana iah djeung enen mah, atoeah lapeer lain kontak noengtoen kana hade, tapi kontak noengtoen kana petelak. Djadi ngartina teh koedoe bener naker, oelah matak ngadatngkeun salah harti. Ari ditoeleong koe didjoe-roe-basaan keneh mah, katouteuri, atoeah saroea hae djeung henteu, kowo lamoen naradjang anoe djoeroebasana [karena oleh mah, tjoe-koep noeroestoendjoengna.

Koering mah tjotjog pisan kana kiritikna De Courant, anoe njeboetkeun jen eta sirkoeleir ti kdj. Besar moal aja pedalina lamoen teu aja bartoean ti departementna, dina atoeran mindah-mindahkeunana kapala. Ari dina satempat-tempatna ngan oekoer satoean doea taoen mah, sarta toeloed dipindahkeun ka noe sedjen deui basa pribomeina, atoeah dimana rek bisa katepina maksoed sirkoeleir teh, da koedoe sira aja djamanana ongkoh djeung miudahkeunana oelah sira ngagentak kana basa baroe, anging lamoen perloe. Ari angingna mah aja keneh bae.

Lamoen seug diatoer kitoe djadi oentoeng koe doea koe tiloe, nja maksoed sirkoeleir katjoeponan, nja declaratie moal hamboer teuing, sarta soegan opcenten atoeah ngirangan. (Jakketos, kitoe?)
Koering ngadjoerak nangkaruk beuggang mikir moeloeq bari milang oesoek, nginget nginget sabab sababna pangkadjadian kitoe.

Bet njel-h seuri leutik, ari ngagagkak mah teu wani sieun kendeuge koe tjaktjak, bari ngomong sorangan: „Singhoreng basa „cerang madjoe salengkah teh, arek dihargana, bet koe pitoeleongna Agoes Kontak tea. Ari goemelarna kontak teh koe boelan bedegong. Demi Ki Bedegong di Digoelkeun. Euhhhh ana kitoe, madjoeana basa oerang teh ditoekeuran koe Digoel meureun. Ihhh geuning bet teu lapeer-lapoer teuing aja tjangkaroean saeutik. Tjajakan moen Kontak teu goemelar, meureun basa oerang tetep dina koerang dipalire“. Tah kitoe gereutesna hate teh tapi lain oetjah-atjelkeuneun, ieu mah saeuereng bae. Djiga-djigana eta concluse teh keuna oge, teu todjajah-todjajah teuing. Tapi moega oelah lali, ari batinna mah, djeroanana tea, nja oralian adilua pamarentah bae, manawi, sanes???

Kaleresan pisan, eta sirkoeleir teh noedjoe waktos ninggang mangsa kana taal congress anoe bade diajakeun di Bandoeng ajeuna. Tjing koe kahayang djrg.-djrg. boedjanga basa Soenda oelah lali, njelapkeun tina perkawis ieu; barempagkeun satjakapna koemaha akalua sangkan basa oerang dihargana deungeun.

Ari pidjalaneunana mah geus kaenggel dina praeadviesna djrg. specialist Prawira dinata parantos kasabit-sabit saeutik, anoe manghandjaksikeun ka bangsa oerang anoe pabalik-belah. Ari kana basa batoer, tjara basa Walanda, mani ngolontong, saeurna, tapi ari basana koe andjeun arap-areup eup tjara noe ditjoeke „eureup-eureup“.

Tah ieu, tina bab ieu, koe oerang teh koedoe disakrak sabab-sababna, salang soeroepkeun naon sababna noe matak kien, tjoejtjoeq ti hoeloe

woelonna.
Ari koering mah teu rek njalabkeun ka anoe ngagedeun kana basa batoer teh, da kapaksa koe hijroep koemboeh tea, malah lamoen seug kaawakan mah teu ngingetkeun kana kultuur sorangan, hajang ngaherkeun.

Ngan ari salahna mah aja, nja eta dimana geus katapi sakoemaha maksoedna sok katoeloeleong nonggongna ka basa sorangan, misalna: „tah eta memang salah gedee“. Geura kapan sae djrg. Prawira oge, beunang hese dekal-dekoel ngapalkem, moenggoeh keur baroedak Mulo, ari angkana mah (rapport) teu diadjenan saepeer-mengi, teu boga pisan invloed, boh dina naekkeun boh dina ngaloeakeun.

Toeh kapan boektij pisan, sok goemawonna di piloesiran, tjajakan di sakola keneh oge geus teu aja adji sagaweng. Komo ari dina maatschappij mah geus teu koedoe ditjaritakeun deui, sanadjan bisa basa Batak, basa Atjeh, basa Malajoe djeung Madoera oge, lihhh bet tara ditarolih ieu. Kadjeun teuing hidji basa asal moendel, nja eta basa Walanda.

Koemaha atoeah rek ngabidjilkeunana hawa napsoe kana ngoelik, da teu kadjeunng piboeahunana, mapan sagala oge koemaha tjek babasan „sakiritjiking dooit, sakotjopoking bogoe, sagelempoeng pingping koeng“ tea bae.

Djadi ana dikali tjatjingkeun mah hijroep koemboeh anoe ngandoeng salah teh. Ari hijroep koemboeh koe saha dikamoedina sangkan boga toedjoean kitoe teh?

Doeka eta mah kabeh-kabeh, sadaja daja koemaha manah audjeun. Titiran bae da koneng gedee.

Oca Nany.

Panggoegat dina Karetapi.

Kinten saparapat djam sim koering aja di wachtkamer station alit (halte) barang ngoeping sora Goedjreg! Goedjreg! tjira parantos ngadoeal kartjis Gantjung koering tjengkat njampeurkeun kana lakot tras meser kartjis ka tempat anoe disedja.

Barang lebet kana dareksi, ana gek teh sareng sobat baheula, anoe parantos 10 taoen tibarang kaloeart sakola soemawonten patepang tea, sili oeratan oge henteu. djalaran pada teu terang adres. Atoeh mohono, saeue dikieuna bae, terns ngawangkong kodo 10 taoneun disakalikeun harita.

Saparantos lami sili dalangkeun sagala kalakeoran sareng pamendak salaminu papisah ki Silah nepak tak tak bari ngomong:
Ki Sitah: Aeh zeg! Kalah ka ngawangkong noe lain-lain, ari tali seebutan kapopohokeun.

Sim koering: Tali seebutan koemaha?

S: Taoun, zeg a-d-r-e-s soepaja oerang bisa sili soeratan, oelah tjara katoekang-tuekang, pleng bae, teu soerat-soerat atjan, lantaran pada teu njaho adres, ari iij dimana ajeuna digawe teh?

K: Djoeroetoelis Wadana anoe.

S: Geus sabaraha taoen digawe di B. B.?

K: 9 taoen.

S: Pardon, zeg, Sabaraha je tractement?

K: 4000 sen (bari seuri)

S: Ari B. B. L. pikeun prijsi B. B. lain voordeeler tibatan oude regeling?

K: „Hak batoer ik teu bisa njaritakeun, tapi pikeun Djoeroetoelis Djoeroetoelis“ djeung sahandapeunana anoe opleidingna bangsa oerang, roegi. Saperti ik noeroetkeun oude regeling mimiti diangkat kana Djoeroetoelis ka f 40,— sarta meunang verhooging 3 taoen sakali a f 5,— ajeuna ik geus 6 taoen dina Djoeroetoelis i, djadi gadjih ik noeroetkeun eude regellig ajeuna koedoe gens: f 40,— djeung 2 X f 5,— atawa f 50.—
Noeroetkeun B. B. L. mah, waktos ik diangkat kana Djoeroetoelis i ngan koedoe boga gadjih f 37,50 saboealan, tapi koelantaran ik diangkatna samemeh B. B. L. goebrag ka doea (masih keneh djaman oude regeling) gadjih ik koe noe tipajoen ditetepkeun bae f 40.— Kakara ik rek meunang verhooging lamoen geus boga dienst 13 taoen dikoeangan 3 taoen (tambahan diensttijd wegens onse genoten opleiding) atawa dina dienst 10 taoen kitoe oge ngan f 2,50. Tah! taoen

tariefna (bari ditembongkeun tarief gadjih Schaaf A. 5 anoe doemadakan aja dina pesak sim koering).

S: Aah, aeh, koetan kitoe, naha beda-beda teuing djeung positie Kler ken. Geura: „ik ajeuna digawe teh djadi Eerste Klerk di Departement anoe, dienst 9 taon teh geus boga gadjih f 115.— Kapan wij teh saroea pisan pada kaloearan sakola toean djeung boga diplbma taun. Estoe teu kaharti ik mah. Tjek pikiran oerang mah, eta urtoeran mengkel tina rasa kaadilan. Teu njaho lamoen pagaweanana Djoeroetoelis mah leuwih lampang tibatan Klerk.

K: Ik teu bisa ari netepkeun mah, jen pagawean Djoeroetoelis leuwih loba tibatan pagawean Klerk sabab ik tajan ngarasa djadi Klerk, ngan bae, boektina pagawean Djoeroetoelis mah djaba ti noe geus ditetepkeun ngantor ti poekoel satengah 8 nepika satengah 3 tea, lain tjarang; sok digawe peuting deuih, nepi ka poekoel 9 atawa poekoel 10. tempo-tempo lamoen oesem aanslag mah atawa aja pamuendoet spoed anoe roengkil sok nepi ka doer soeboeh.

S: Atoeh meureun weureu koe lang dang overwerk, nja!

K: Di B. B. euweuh perkara overwerk dibajar, tapi kabeh pagawean diwengkoeh koe gadjih bae.

S: Ooooooh, kitoe?

K: Ari pagawean Klerk aja noe sak nepi ka doer soeboeh?

S: Euweuh, eui! . . . radjeun oge digawe liwat ti waktos, tapi aja bajaranana, kitoe oge lamoen soeka oerang.

Kalintang masih keneh sonona ka si Silah teu sareng masih keneh seueur anoe bade ditanjakeun nanging reg bae kareta api teh eu reun.

S: Nou! zeg, mijn plaats van bestemming. Saluut tot weder zien! bari djoet t eren.

Ajeuna kantoen sim koering sorangan ngadjeleogot mikiran nasib sim koering djeung anoe sapagawean djeung sim koering. Kalintang toegenahna. Tjaba bae mangga galih: Verhoudingna Klerk kana Djoeroetoelis:

OPLEIDING I: I

PADAMELAN (dibantoen pang alit-alitna) I: I

DIENSTTIJD I: I

Naha ari GADJIEH djadi II5: 40.

Tjing atoeah Djoeragan Djoeragan Oelis sareng Djoeragan - Djoeragan Heuleup masing kareesa pahujeuk-hujeuk panangan. bengkoeng ngari-oeng bongkok ngaronjok tjek babasan tea mah, oerang sorangan ihtiar tarekah, pikeun njaean positie oerang, da koe emoetan sim koering rae djoeragan-djoeragan sadajana moal bentenbenten teuing djeung rasa sim koering.

Kapan boektij kapoengcoer geuning mani raboel briefkaart ka salasawios Djoeragan lid Volksraad anoe nganggo diseratan: Moepakat gadjih Djoeroetoelis Schaaf B, 9 kolom I.
Eta teh tawis naou?

Sanes tawis Djoeragan Djoeragan teu gebleng toemariuna kana positie ajeuna?

Koemaha wartosna eta briefkaart-briefkaart teh?

Doegi ka ajeuna teu beureum teu hieueug, kahjong teh, tjing atoeah wartos wartos Kana karandjang kitoe.

Koe emoetan sim koering amblengna eta briefkaart teh, henteu kedah djadi sabab kana oerang teu malikan deui situatue tina maksad oerang. Malah djadi pertanjaan anoe ageung pisan anoe ngahoeudang kapanasaran oerang.

Mangga ajeuna mah oerang ngadamel deui pertjebian!

Anoe kapeloug koe sanoebari sim koering enggoning oerang saarengan ihtiar tarekah pikeun ngahontal (sanes ngala) boeah maksad oerang tea kedah aja doea roekoen:

Saperkawis oerang kedah gadoeh tempat pikeun ngoempolkeun kembang-kembang maksad tea. Dimana tempatna? Pikeun oerang, oerang Soenda koe emoetan sim koering teu aja deui djaba ti ieu „SIPATAHOENAN“.

Kadoea perkawis: Oerang kedah ngagadoehan taradje anoe loehoer, pikeun naekna eta kembang kana hambalan noe [pangloehoerna. Mana taradjeana?

Toeh veraaniging „PASOEN DAN“.

Tina antawis kembang kembang- tea teu kedah dihidangan deui koe oerang, maha anoe anoe aguing pangharepanana kana djadi boeah koe noe ngadamel taradje tangtos ditjandak naek kana hambalan noe pangloehoerna tea.

Koe djadina boeah koe henteu dipoelangeun deui kana tempat tadi, djadi katingal deui koe oerang (terang oedjeung poehoena).

Moega, moega dipigalih.

Petjoet Djoeroetoelis

Lid Pasoeand.

Kongres Basa Soenda ka doea.

Dina poesaka Soenda No. 8 parantos aja programna Kongres Basa Soenda teh, tempatna sanes di pendopo tapi di Soesiteit „Ons Genoegen di Kadjaksan Bandoeng: Kongres ngawitan dinten Djoemah taboeh 8 ending- ending, anoe bade dibarempagkeun basa loeloege sareng basa lemes, anoe medarna Djoeragan Soeradiradja. Wengina, malem Saptoeana, aja tongtonan Opera Soenda, wedalan Soemedang, kamonesan moerid H. I. S. Soemedang pamakihikeun Djoeragan Mahjar. Ieu Opera katjida modelna njaritana koe tembang dibareng gamelan, lalakonna nja rame nja sae.

Samemeh opera, medar heula perkawis tembang sareng kawih Soenda. Anoe medarna Djoeragan Mahjar sareng Djoer. Satjadibrata, Djoer. H. Soenadiradja.

Dinten Saptoeana perkawis pangadjaran Basa di V. I. O. sareng Mulo, anoe medarna Djoeragan Djajadiredja, at dibrata, Prawiradinata.

Majem minggoena, tongtonan kamonesan Bandoeng, lalakon Dalem Tjikoendoel, njariosna koe tembang potingan Bandoeng, teuing ngatoer Djoeragan Memed Sastra Hadi Prawira. Saroepti tongtonan anoe pohara saena, teu atjan tangtos tiasa dipodar deui ka pajoenana:

Anoe ngajoeohan kongres, oepani hojong ningali Opera Soenda (malem Saptoe) sareng tongtonan Dalem Tjikoendoel (malem Minggoena), kenging ngagaleuh kartjis dina dintenaa kongres (kongres kaartje) langkoeng mirah, langkoeng gampang henteu reutjed,

Kongkoer ngibing.

Dina malem Minggoe ping 27 saasih Agoestoos di Pasar Gambir aja kongkoer ngibing, sakoemaha anoe parantos diwawarkeun dina Sipatahoentan tea.

Anoe ngiring kongkoer aja 20, anoe njanggakeun pamoeudoet aja 28, nanging anoe 8 teu tjios ngiring. Anoe 20 tea, ti Batawi, ti Mester, Bogor, Bandoeng, Soemedang. Anoe ngatoerna Voorzitter Koemite, Kanhdjeng Dalem Meester Cornelis.

Noemoetkeun postoesan Joeri, anoe kenging prijs, nja eta.

1e. prijs. Djoeragan Idin, Goerce desa ti Soemedang.

2e. prijs doean, 1 Djoer. Kartatmadja schatter Wel 2 Djoer. Gandwidjaja goerce desa Bendoel.

3e. prijs doean, 1 Djoer. Aroes, goerce desa Bandoeng 2. Djoer. Wiantadiredja Klerk S. S. Bogor.

Djaba ti „noe kenging prijs, aja doean deui anoe kenging diploma, nja eta: Djoer. Soerawingangoen ti Mester, sareng Djoer. Ios Wiriatmadja Goerce H. I. S. Weltevreden.

Samemeh proeng ngaribing Djoeragan Soeradiradja anoe djadi Joerina, njarioskeun heula maksoedna kongkoer sareng robahan atoeran. Nja eta, reh henteu oenggal kaboepten ngaloearan noe pingbingeun, djadi nadjaj ti hidji kaboepten langkoeng ti himaan oge, eta salangkoengna teh ditampi bae kenging ngiring kongkoer.

Ka doea koe andjeunna ditjariekeun perkawis ngatoerna prijs dirobah moal satjeplekna anoe parantos aja dina serat wawaran, margi katimbang ngagedjok teuing tina bintang emas 1e. prijs anoe pangaoes f 75 kana bintang perak 3e. prijs pangaoes f 3.—

Ajeuna diatoerna kieu:

1e. prijs kenging bintang emas, atanapi artos f 50, disarengan koe diploma eerste prijs.

2e. prijs aja 2 kenging bintang atanapi artos f 25, disarengan koe

diploma tweede prijs. Kening oge moendoet bintang ongkoh (± pangaos f 10) sareng artos ± f 15 ongkoh, diwoewoeh diploma.

3e. prijs aja 2, kening bintang atanapi artos f 12,50 disarengan koe diploma derde prijs. Atanapi dipun bintang sareng artos lalangkong pangaos bintang.

Djabi ti eta aja doa anoe kening vierde prijs, ngan kening diploma woengkoel.

Koe Djoer. Soeradiradja diembarkeun maksoedna eta kongkoer pikeun ngamadjoekuu kaaloesanana ibing (veredelen) anoe pantes dipedar di pasamoan ageng.

Dina serat wawaran disebatkeun jen anoe dipedar teh woengkoel ibing najoeb, sanes ngawajang, atanapi nopeng atanapi ngadoblang. Pang diembarkeun kitoe soepaja kaaloesanana ibing najoeb oelah mengkol kana nopeng atanapi ngadoblang. Rengkakua ibing najoeb tangtos aja anoe sami tea mah sareng wajang sareng topeng, da pada ibing kenah, ngan sanajan tina topeng oge ari soep kana najoeb mah pindah wanda djadi ibing najoeb. Lantaran aja anoe tau oeninga kana ngadoblang, koe Djoeragan Soeradiradja ditjaroskeun kieu: Dina najoeb sok aja anoe loeloetjon bobodoran niron-niron Bapa Doblant ngali gadoeng, nja eta metakeun rengkak Bapa Doblant ngawajangkeun patjoe, ngarabot gadoeng, dj. a. t. dibarengan koe tapak kendang, (Manawi sami sareng igel Boeta Hedo atanapi igel si Tjepot N. N.) Wira ajaunda peta Bapa Doblant kitoe teh sok dianggo kamonesan dina ngibing, nganggo bari ngibing teh metakeun ngeset biola, ngahitar, ngotok sareng ngabagikeun kartoe, dj. a. t. h. dina kongkoer ieu mah pta ibing kitoe teh dianggo pangroekak kaaloesan ibing. (Manawi oepami diembar kana ngadoblang mah, kaaloesan bakal kalindih ibing teh koe noeroetan Amboe Doblant noetoe di lisoeng, ngejong orok, soepir njekeul atung, kaneuker ngagoenting bertjis, magang narik goerat, poelisi ngadajaga djalan sigala roepa N. N.), Satoetas anoe njaros, proeng ngibing, heula pandeurina dilotrekeun.

Ajeuna titingalan koering, anoe nongton.

Atoeh saperkawis nganoehoenkeun ka koemite Pasar Gambir reh geus ngajakeun kongkoer ngibing, moegi moegi bae oenggal taon oelah kendat. Moeng panohoehon teh eta lae tempatna hajang anoe langkoeng djatirka, oelah diperenahkeun sakapat sareng ketoeke tiloe, da anoe ngaribingna teh katoet ka anoe ngaroesa deul sanes koeritjakeun anoe koedoe kapepoet koe hasoup, kapun anoe djadi koemiteuna oge Kangjeng Boepati, atoeb anoe nongtona istri-istri horimateun, aja Raden Ajoer Boepati, aja garwa Wadana, pendekna istri anoe pantes diadjeun anoe teu sae dimomorekeun. Toer ieu teh djadi tanda pangraksa kana kaloehoeranana kadjatniksana kongkoer. Atoeh pameget-pamegetna nja seuseurna adjeunaneun, sanes golongan kemprengan.

Kalihat, djsim koering nganoehoenkeun ka noe djadi Voorzitter koemite, Kangjeng Dalem Mester, reh andjeunna sakitoe moepoedjoehkeunana, roemaksa kana kabangkitan Soenda, toer henteu loer-djeun, sok leas, ieu mah diloeoehoeun koe andjeunna tepi ka boelarna.

Katiloer perkawisna ka Djoeragan Joeri, koering hatoer noehoeer reh dipalak ti taboeh 7 dongkap ka taboeh satoe teh sanes loemajan.

Kapadna pihatoer koering ka anoe ngiring kongkoer; atoeb ka noe kening prijs ngiring binguh, ka noe henteu kening hatoer noehoeer, reh pada kersa medar kabangkitanana, moegi-moegi bae tahoer pajoen sing kening, kedah batu kapok kalah gawok.

Koe margi djsim koering montjongkoe tepi ka toetoeopna, tiasa oge nyanggakeun timbangan kieu ka anoe nguring, malakmandar djadi pangwoewoeh kana kaaloesanana ibing pikapajoeneun.

1. Dina mimiti rek prak ngibing, lantaran ieu mah di pasamoan ageng tea, saena mah tapak dekou, kening oge sile hormat, oelah ngatoedjor sampelan ka pajoer. Rengkoeheun salira sareng paromau oetami. Pisan oepami njandak patokan kahormatan; rengkoeb sareng paroman kadjatnika-

an.

Ari margina, noemoetkeun katrangah salah sawios anoe djadi jberit, iep teh dipenjarahan, kabelet kana tala-titi, tinda-tindak ngibing.

2. Atoer, njembah sareng sembalna dina bade ngadeg, kedah merelah neundeguna ka sala oerang njembah teh, nana pantes djeng merelah oerang njembah atawa henteu? Prakna njembah, kitoe oge moen aja sembaheun, oelah diigelkeun diembat diola-ileu, da sanes wajaog oewong, kapan ieu mah najoeb. Tjongna njembah dina narimbang goong tanda rek ngadeg, kedah sembah biasa bae teu kedah dilingkeklingkek.

3. Aja salah sawios anoe ngibing, anoe nganggo dihada ngarendjag, atanapi koedjat-kedjat teu majat pidahua teh, geroeboegna tiboeboerandjat kawas disentak badak. Anoe sanes aja anoe katjida poelenna goelipekua, majat samboenganana toer lagoe katintjak kabeh.

4. Soder rae anoe ngan koe sampe an woengkoel dipateunana, tjoel pisan ari koe panangan mah. Toer ari atoeran soder mah dipateunana kedah koe panangan, panjelangoe kusepak.

5. Seroepanana ibing kana wanda salira seueur anoe dipaksakeun, pedah tjeuk lagoe koedoe ibing gagah kajeun wanda salira loenggoeh, hih ngagagah-gagah andjeun bae. Padahal moenggoeh anoe wanda salira loenggoeh mah, nadjan ibing kedah gagah oge, nja gagah loenggoeh bae.

Kieu tjontona: Narajana ngibing hieunggoehna benten deui ti Ardjoeng; aja kitoe deui gagahna lagoe nedrong diubiangan koe Ardjoeng, moen aja tea mah, tangtos benteh deui sareng nedrong diubiangan koe Narajana.

Ardjoena mah nadjan ngibing nedrong, teu kedah tiboeboerandjat, tapi gagah dina kaloenggoehan bae. Tah teu hidji kum anoe perloe kaoeniga, seroepau ibing kana wanda salira.

Sakitoe pamendak
Noe nongton.

Raad desa.

Neng! neng poekoel 11 penting. Doeg ngedeng... reup sare tibra. Niaba ka padoesoenan, nja nepi ka desa tjingieut. Bet di dinja mah geus aja raad desa. Kabeneran keur koempoelan raad desa, atoeb sim koering teh toeloer njimping, niat laladjo, miloeu dikak dina tempat anoe geus beunang ujudiakoun pikeun anoe laladjo.

Anoe djadi voorzitter nja eta djoef. Loerah, tjalik dina korsi, majoenan medja pasagi ditoeoepan laken hedjo. Panangan anoe katoehoe njekeul paloe, anoe kentja ngahuejukou keretas, koerang leuwih 100 lambar. Mastaka toengkoel sarta sotja Djoer. Voorzitter neuteup kawa keretas anoe ditjemping, ngan aja roendat-rindatna saetaksantik ka elid-elid.

Digedungeun Djoer. Voorzitter nja eta Djoerotoelis Loerah, noe djadi Sekretarisna.

Demi elid-elid dariok dina korsi djadjar ngaberer dipajoeun Djoer. Voorzitter. Ari rereana petana teh eetoer siga anoe isin adjirih-koe Djoer. Voorzitter Dariok toengkoel rada moeroekoekoeng poendoek-saentik, leungeun doeanana patjeks-tjeks dina lahoenan. Hareupeunana dina loehoe medja ting galoler keretas-keretas beuung njelesan.

Toroktok! paloe Voorzitter nganoehoenkeun kana soemping. Tidinja ladjang raad dihoeka!

Toroktok! paloe. Saer Djoer. Voorzitter: "Katja 1, voorstel 1, tangtoe geus dibaratja, moepakat meureun nja?"

Eld-elid rereana saer manoeke "Soemoehoen!"

Tetoktok! paloe. Tarima.

Toroktok deui! paloe. Djoer. Voorzitter toengkoel benten roeroet-roet ngong sasoeoran: "Katja 1, 2, 3 voorstel 2 3 4 djeung 5, tangtoe geus dibaratja moepakat meureun nja?"

Toroktok! Teu ngadagan disoemoehoenan deui koe elid elid.

Kitoe djeung kine oae stoeoelna toroktok moepakat meureun, nja? toroktok!

Eta bae voorstel-voorstel anoe kira-kira 100 lambar; dina ± 2 djang beres!

Sing boreng lain kareta api bae,

Raad desa.

Neng! neng poekoel 11 penting. Doeg ngedeng... reup sare tibra. Niaba ka padoesoenan, nja nepi ka desa tjingieut. Bet di dinja mah geus aja raad desa. Kabeneran keur koempoelan raad desa, atoeb sim koering teh toeloer njimping, niat laladjo, miloeu dikak dina tempat anoe geus beunang ujudiakoun pikeun anoe laladjo.

Anoe djadi voorzitter nja eta djoef. Loerah, tjalik dina korsi, majoenan medja pasagi ditoeoepan laken hedjo. Panangan anoe katoehoe njekeul paloe, anoe kentja ngahuejukou keretas, koerang leuwih 100 lambar. Mastaka toengkoel sarta sotja Djoer. Voorzitter neuteup kawa keretas anoe ditjemping, ngan aja roendat-rindatna saetaksantik ka elid-elid.

Digedungeun Djoer. Voorzitter nja eta Djoerotoelis Loerah, noe djadi Sekretarisna.

Demi elid-elid dariok dina korsi djadjar ngaberer dipajoeun Djoer. Voorzitter. Ari rereana petana teh eetoer siga anoe isin adjirih-koe Djoer. Voorzitter Dariok toengkoel rada moeroekoekoeng poendoek-saentik, leungeun doeanana patjeks-tjeks dina lahoenan. Hareupeunana dina loehoe medja ting galoler keretas-keretas beuung njelesan.

Toroktok! paloe Voorzitter nganoehoenkeun kana soemping. Tidinja ladjang raad dihoeka!

Toroktok! paloe. Saer Djoer. Voorzitter: "Katja 1, voorstel 1, tangtoe geus dibaratja, moepakat meureun nja?"

Eld-elid rereana saer manoeke "Soemoehoen!"

Tetoktok! paloe. Tarima.

Toroktok deui! paloe. Djoer. Voorzitter toengkoel benten roeroet-roet ngong sasoeoran: "Katja 1, 2, 3 voorstel 2 3 4 djeung 5, tangtoe geus dibaratja moepakat meureun nja?"

Toroktok! Teu ngadagan disoemoehoenan deui koe elid elid.

Kitoe djeung kine oae stoeoelna toroktok moepakat meureun, nja? toroktok!

Eta bae voorstel-voorstel anoe kira-kira 100 lambar; dina ± 2 djang beres!

Sing boreng lain kareta api bae,

koempoelan oge aja ekspres...
Toroktok!!! Boebar!
Tidinja elid-elid pisan ngaraboeb njarimpang heula ka kamar sedjeu. Bet geus suda sahana amplok bako, bagikeuneeun ka elid-elid nja eta diditoeana mah ibarat ongkos djalan (deklaratie). Ngan hadoea djewel-djewol bae Ki Oelis ujokotan bako tina oenggal-oenggal amplop.

Kaoeniga koe Hd. kremsi, djoedjoekuu ka Djoer. Loerah. Atoeh tjalaka, Ki Oelis dilapas. Bongan mipit teu amit, ngala teu menta.

Nas, ari gebeg, teh, singhoreng ngimpi

Wiking.

Toko OBAT

NIC MULLER

TASIKMALAJA.

Goenoengladoe 15. Telepon No. 26.

Sagala LANDONG sajagi sapertos:

- Kajoepeotih toelen.
- Minjak Hades.
- Landong njeri kahampangan.
 - id. rabeul.
 - id. intjok.
 - id. rabeul sareng soenatan.
 - id. njeri panom.
- Kastor olie WANGI.
- Landong njeri beutsung sareng boe-boeang.
 - id. rient sareng panas tiris.
 - id. tjatjing.
 - id. soepaja-tiasa sare.
 - id. gohgoj.
 - id. tambah kaktian salira sareng getih.
 - id. koerap sareng hapoer.
 - id. anggoeun maehan koetoe.
- Dina sirah.
 - Sareng sagala roepi bae anoe henteu disebat hidji-hidji.
 - deui

TJELEP anggoeun njelepan sipat njamoe sareng rakoekou!!!! Model Moal loentor deui!!!

Ijtaleun deui kening korting ageng.

Flit (nja eta landong anggoeun maehan reungit, sireum toembila, geget, "o. c. t.")

Kompa pangaos f 1,25 landongna f 1,25 - f 2 - f 3 50.

Goela-goela sareng sesepun noe raros, sareng pantes pangaosna.

Rijskoran kening perdio.

Mangga soemping koe andjeun Noe ngantos

NIC MULLER.

Lelang kajoe djati.

Pada hari Slasa ddo. 13 September 1927 poekoel 9 u. 15 pagi di roemah bola Galoenggoeng Tasikmalaja dari 154 M³ kajoe djati jang ada di Halten Leuwigoeng, Bandjar, Tikotok dan Bandjarsari. Kavelingsoverzicht dan lain-lain katrangan minta sama Opperhoutvester di Garoet.

Nembe medal.

Volksalmenak Soenda 1928 f 0.64

Volksalmenak Malajoe 1928 f 0.64

Wawatjan Sekartadi f 0.50

Wawatjan Dabad Galoeh I f 0.60

Tjaros Rasiab hidji Koesir f 0.30

Angling Darma I f 1.75

Angling Darma II f 1.50

Sadjarah Ambia VII f 1.-

Wajang Poerwa II f 1.25

Noe sanes-sanes poendoet daptarna.

Toko eno Drukkerij

"PASOENDAN"

Tasikmalaja.

Hatoer oeninga.

Hatoer oeninga, ajenna: "Bibliothek 'Sinar-Kamadjoean' noedjoe njitak boekoe Titeln "Rasiab hidji koesir." Oepami djoeragan djoeragan bade ngersakeun ngawoewoeh timpah, pangaosna dilid ka I f 0.25; ka II f 0.25. Djadi anoe 2 dilid (saat) f 0.50 kandelna ± 100 katja oepami bade timpah, pangaosna f 25 stei, kening patougan 10%. Oepami djoeragan ngiatoen artos ti paloe, saparantosna dipotong koe 10% tea. Oepami boekona parantos anggeus ditjatakna tangtos eenggal dikintoekeun ka boemi.

Ieu atoeran timpah, Regu postwissel kedah dianggap kwitansi tierna sareng waktosna moeng doegi ka 15 September 1927. Margi oepami parantos kaloeah mah, pangaosna: djulid ka I f 0.30, ka II f 0.45.

Karamanana sareng kasaeana eta boekoe, lepat oepami dipoejji koe noe ngaloerkeun... tjindekna mah... loetjoe bae. Kening diaos koe, istri pameget, koe noe anom koe noe sepoeh.

Langkoeng oetami disaksikeun koe andjeun kalajan eenggal pesen kedah ti ajena:


ka **Moehamad-Satible**

Pasar-kolot

TASIKMALAJA.

N. B. Noe bade pesen adresna: djeugangan, padamelan kp. tempat liuggih Postkantoor kedah diserat anoe terang.

Na jaktos djoeragan teu atjan oeninga kasaeana mobil FORD?



Ford: Gampil mirana.

Ford: Mirah pangaosna.

Ford: Kiat dianggo.

Ford: Gampil sareng mirah paparabatanana.

Ford: Kiat, di jalan noe nandjak.

Ford: Irit nganggona beuzie, oele sareng baud.

Ford: Kening dipertjanteun, margi nganggou dubbele onsteking, (electriche sareng maguet).

Ford: Koe margi eta, nganoehoenkeun sareng ngoentoengkeun ka anoe kugunguan.

Pangaosna di TASIKMALAJA:

Ford Touring nganggou Selfstarter sareng ballou band f 1650.-

Ford Runabout (sabaugko) f 1570.-

Ford Sedan f 2330.-

Ford Sedan Tudor f 2145.-

Tjan Wan Joe

Ford Agent Heerenstraat 17.

(Goenoeng Ladoe, pajoeneun Goenoeng Singa).

P. S. Pikeun njanangeun ka Djoeragan-djoeragan, perkawis pembajaranana tiasa dibadantenkeun.

ADRES noe parantos KASOJOR

DAHJAN

Toekang Mas Roemah 18

TASIKMALAJA.

Ngitjal roepi-roepi perhizanan tina mas sareng perak, damelan pabeddes, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel pentil, soember, lilpen, padamelan ditanggal sae sareng eenggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepierlodji sakoe, erlodji tangan, wakker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhizanan mangga djoeragan-djoeragan eenggal saemping soepados kaoeniga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kening:

EEREDIPLOMA MEDALI

M. S.

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainna, Minoeman, Serotoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

Toko-KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Tasikmalaja Telefoon No-2.

Sajagi Karata Mesin Simplex sareng anoes-sanes Merk Europa. Band-band Auto Merk Goodrich, Michela, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parzbot pikeun Auto (underdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-perti Bouroun, hedjo, blan, koneng kolot, bodas sareng nganggou strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggou leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe balre, anoe parantos kasoeor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngaranggou bedil angin (windbuis) pikeun plesiran, nja eta keur blajar nembak atawa keur manoeke, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroekak kana pipiraan, heularg. kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroekak, tangtos tiasa kening koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggou vergunning, noe mawi di sajangikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2 nja eta merk B. S. A. anoe masoer kaktutanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekeop, sajabab ti eta, sajagi roepi roepi Eetseries (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sa-rae, peso silat peso tjoekeop goenting mesin anoe parantes masoer kasaeana, njondong roepi roepi oekoeoran filter (saringan tjaj) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kasihatan.

